EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# METHODS FOR ORGANIZING INDEPENDENT LEARNING IN PIANO LESSONS

**Iseev R.A.**

https://doi.org/10.5281/zenodo.22026933

**ARTICLE INFO**

Received: 14th August 2026
Accepted: 19th August 2026
Online: 20th August 2026

**KEYWORDS**

*Piano, independent study, music pedagogy, performance skills, musical thinking, pedagogical technologies, competence, creative activity, music education.*

**ABSTRACT**

*This article analyzes the theoretical and practical foundations of organizing independent learning in the process of piano education. The role of independent classes in developing students' performance skills, modern pedagogical methods used in piano lessons, and the possibilities of digital technologies are highlighted.*

# МЕТОДЫ ОРГАНИЗАЦИИ САМОСТОЯТЕЛЬНОГО ОБУЧЕНИЯ НА УРОКАХ ФОРТЕПИАНО

**Исеев.Р.А.**

https://doi.org/10.5281/zenodo.22026933

**ARTICLE INFO**

Received: 14th August 2026
Accepted: 19th August 2026
Online: 20th August 2026

**KEYWORDS**

*Фортепиано, самостоятельное обучение, музыкальная педагогика, исполнительское мастерство, музыкальное мышление, педагогические технологии, компетенция, творческая деятельность, музыкальное образование.*

**ABSTRACT**

*В данной статье анализируются теоретические и практические основы организации самостоятельного обучения в процессе обучения фортепиано. Освещена роль самостоятельных занятий в развитии исполнительского мастерства студентов, возможности современных педагогических методов и цифровых технологий, используемых на уроках фортепиано.*

# FORTEPIANO SABAQLARINDA ÓZ BETINSHE BILIM ALIWDI SHÓLKEMLESTIRIW METODLARI

**Iseev R.A.**
Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı

EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc
https://doi.org/10.5281/zenodo.22026933

**ARTICLE INFO**

Received: 14th August 2026
Accepted: 19th August 2026
Online: 20th August 2026

**KEYWORDS**

*Fortepiano, óz betinshe bilim alıw, Muzıka pedagogikası, atqarıwshılıq sheberligi, Muzıkalıq pikirlew, pedagogikalıq texnologiyalar, kompetenciya, dóretiwshilik xızmet, Muzıka tálimi.*

**ABSTRACT**

*Usı maqalada fortepiano úyreniw procesinde óz betinshe bilim alıwdı shólkemlestiriwdiń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları analizlenedi. Oqıwshılardıń atqarıw sheberligin rawajlandırıwda óz betinshe shınıǵıwlardıń ornı, fortepiano sabaqlarında qollanılatuǵın zamanagóy pedagogikalıq metodlar hám sanlı texnologıyalardıń imkaniyatları sáwlelendirilgen.*

**Kirisiw**: Jáhán bilimlendiriw sistemasında bolajaq qánigelerdi ǵárezsiz pikirleytuǵın, óziniń kásiplik jumısın nátiyjeli shólkemlestire alatuǵın hám zamanagóy bilimlerdi turaqlı túrde ózlestirip baratuǵın shaxs sıpatında qáliplestiriw áhmiyetli wazıypalardan biri esaplanadı. Bul proceste óz betinshe bilim alıwdıń áhmiyeti sheksiz bolıp, ol studentlerdiń teoriyalıq bilimlerin bekkemlew, ámeliy kónlikpelerin rawajlandırıw hám dóretiwshilik potencialın júzege shıǵarıwda áhmiyetli faktor wazıypasın atqaradı. [1, 25-b.] Muzıkalıq bilim beriwdiń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolǵan fortepiano klası studentlerde atqarıw mádeniyatı, Muzıkalıq esitiw, ritm sezimi, kórkem pikirlew hám dóretiwshilik qatnastı qáliplestiriwge xızmet etedi. Fortepiano atqarıwshılıǵın iyelew quramalı hám úzliksiz shınıǵıwlardı talap etetuǵın process bolıp, bunda auditoriya shınıǵıwları menen bir qatarda óz betinshe bilim alıw da ayrıqsha áhmiyetke iye. Sebebi háptesine bir yamasa eki márte ótkeriletuǵın ámeliy sabaqlar studenttiń kásiplik sheberligin tolıq qáliplestiriw ushın jeterli emes. Sol sebepli fortepiano táliminde óz betinshe shuǵıllanıwlar tiykarǵı oqıw xızmetiniń logikalıq dawamı sıpatında qaraladı [2, 41-b.] Búgingi kúnde joqarı bilimlendiriw mákemelerinde kredit-modul sistemasınıń engiziliwi erkin bilim alıwdıń mazmun hám mánisin jáne de keńeytti. Bul sistemada student oqıw júklemesiniń úlken bólegin óz betinshe orınlawı talap etiledi. Bul bolsa fortepiano sabaqlarında óz betinshe shınıǵıwlardı ilimiy tiykarda shólkemlestiriw, studenttiń individual ózgesheliklerin esapqa alıw hám zamanagóy pedagogikalıq metodlardı qollaw zárúrligin júzege keltirmekte [3, 57-b.]. Fortepiano táliminde óz betinshe bilim alıwdıń nátiyjeliligi kóplegen faktorlarga baylanıslı. Sonıń ishinde, shınıǵıwlardıń durıs rejelestiriliwi, waqıttıń bólistiriliwi, texnikalıq shınıǵıwlardı turaqlı orınlaw, oqıw repertuarın tańlaw, ózin-ózi qadaǵalaw hám pedagog tárepinen beriletuǵın metodikalıq kórsetpeler úlken áhmietke ie. Óz betinshe bilim alıwdıń durıs shólkemlestiriliwi studenttiń texnikalıq sheberligin arttırıw menen birge, oniń Muzıkalıq pikirlewi hám dóretiwshilik

qábiletlerin de rawajlandıradı [4, 78-b.]. Muzıka pedagogikası táriyxına názer taslaytuǵın bolsaq, fortepiano atqarıwshılıǵında óz betinshe shınıǵıwlardıń áhmiyeti kóplegen belgili pedagog hám atqarıwshılar tárepinen ayrıqsha atap ótilgen. Atap aytqanda, G. Neygauz, L. Oborin, K. Igumnov hám basqa belgili fortepiano pedagoglari joqarı nátiyjelerge erisiwde turaqlı hám maqsetli óz betinshe shuǵıllanıwlar sheshiwshi rol oynaytuǵınlıǵın atap ótken [5, 94-b.]. Olardıń pikirinshe, studenttiń kúndelikli óz betinshe jumısları tek ǵana texnikalıq sheberlikti emes, al shıǵarmanıń kórkem mazmunın tereń ańlaw hám individual talqılaw jaratıw imkaniyatın da támiyinleydi.

**Tiykarǵı bólim**: Óz betinshe bilim alıw zamanagóy pedagogikanıń áhmiyetli quramlıq bólimlerinen biri bolıp, studenttiń oqıw procesindegi belsendiligin asırıw, bilimlerdi óz betinshe iyelew hám ámeliyatta qollanıw imkanıyatların keńeytiwge xızmet etedi. Muzıka bilimlendiriwi sistemasında óz betinshe bilim alıwdıń áhmiyeti jáne de joqarı bolıp, ol atqarıwshılıq sheberligin qáliplestiriwdıń tiykarǵı faktorlarınan biri esaplanadı. Fortepiano atqarıwshılıǵın úyreniw procesi quramalı psixofiziologiyalıq iskerlik esaplanadı. Onda esitiw, yad, oylaw, dıqqat, emocional sezgirlik hám háreket koordinaciyası bir waqıttıń ózinde iskerlik júrgizedi. Sol sebepli fortepiano sabaqlarında alıngan bilim hám kónlikpelerdi bekkemlew ushin turaqlı túrde óz betinshe shinigiw alıp bariw talap etiledi. Óz betinshe bilim alıwdıń áhmiyetli táreplerinen biri studenttiń juwapkershilik sezimin rawajlandırıw bolıp tabıladı. Student sabaq waqtın óz betinshe rejelestiredi, orınlanıwı kerek bolǵan wazıypalardı belgileydi hám nátiyjelerdi qadaǵalaydı. Bul bolsa onıń kásiplik erkinligin qáliplestiriwge xızmet etedi. Fortepiano boyınsha óz betinshe bilim alıwdı shólkemlestiriwde eń áhmiyetli máselelerden biri shınıǵıwlardı durıs rejelestiriw esaplanadı. Rejelestirilmegen shınıǵıwlar kóbinese nátiyjesiz bolıp, studenttiń waqtın zaya etiwine alıp keledi.

Pedagoglar tárepinen usınıs etiliwinshe, kúndelikli shınıǵıwlar tómendegi quramlıq bólimlerden ibarat bolıwı kerek:

- texnikalıq shınıǵıwlar hám gammalar;
- etyudlar ústinde islew;
- jańa shıǵarmalardı úyreniw;
- aldıńǵı repertuardı tákirarlaw;
- Muzıkalıq tallaw hám tıńlaw jumısları. Pedagoglar tárepinen usınıs etiliwinshe, kúndelikli shınıǵıwlar tómendegi quramlıq bólimlerden ibarat bolıwı kerek.

**Juwmaqlaw**: Óz betinshe shınıǵıwlar studenttiń tek ǵana texnikalıq sheberligin emes, al muzıkalıq pikirlewi, kórkem talǵamı, dóretiwshilik belsendiligi hám kásiplik erkinligin de rawajlandıradı. Usı tárepten óz betinshe bilim alıw fortepiano sabaqlarınıń ajıralmas quramı sıpatında qaralıwı kerek. Fortepiano atqarıwshılıǵında óz betinshe bilim alıwdıń áhmiyetli wazıypalarınan biri studentte juwapkershilik sezimin qáliplestiriwden ibarat. Óz betinshe islew procesinde student óz iskerligin rejelestiriw, waqıttı durıs bólistiriw, ushırasatuǵın mashqalalardı óz betinshe sheshiw hám nátiyjelerdi talqılaw kónlikpelerine iye

boladı. Bul sıpatlar keleshektegi pedagogikalıq hám atqarıwshılıq jumısında úlken áhmiyetke iye boladı.

Juwmaqlap aytqanda, fortepiano sabaqlarında óz betinshe bilim alıwdı nátiyjeli shólkemlestiriw studenttiń texnikalıq tayarlıǵı, muzıkalıq pikirlewi, dóretiwshilik potencialı hám kásiplik kompetenciyaların rawajlandırıwdıń áhmiyetli shárti esaplanadı. Óz betinshe shınıǵıwlardıń ilimiy-metodikalıq tiykarların jetilistiriw, zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı keńnen qollanıw hám de individual qatnastı kúsheytiw fortepiano bilim beriw sapasın arttırıwǵa xızmet etedi. Keleshekte usı baǵdarda alıp barılatuǵın ilimiy izertlewler fortepiano pedagogikasınıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarların jáne de bayıtıwǵa járdem beredi.

## References:

1. Abdullin E.B. Teoriya Muzıkalnogo obrazovaniya. – Moskva: Akademiya, 2004. – 336 b.
2. Petrushin V.I. Muzykalnaya psixologiya. – Moskva: Akademicheskiy proyekt, 2008. – 400 b.
3. Tsipin G.M. Obucheniye igre na fortepiano. – Moskva: Prosveshcheniye, 1984. – 176 b.
4. Iseyev Ruslan Alimjanovich, . (2024). CLAUDE DEBUSSY FIRST 12 PRELUDES FOR PIANO. *International Journal of Pedagogics*, *4*(03), 35–43. https://doi.org/10.37547/ijp/Volume04Issue03-07
5. Iseyev Ruslan Alimjanovich, . (2024). CLAUDE DEBUSSY FIRST 12 PRELUDES FOR PIANO. *International Journal of Pedagogics*, *4*(03), 35–43. https://doi.org/10.37547/ijp/Volume04Issue03-07
6. Alimjanovich, Iseev Ruslan. "Fostering the Concerto-Performance Skills of the Pianist." *Pioneer: Journal of Advanced Research and Scientific Progress* 1, no. 6 (2022): 91-97.
7. Alimjanovich, Iseyev Ruslan. "Peculiarities of Rhodion Schedrin's Piano Cycles." *AMERICAN JOURNAL OF SCIENCE AND LEARNING FOR DEVELOPMENT* 2, no. 3 (2023): 6-15.
8. Alimjanovich, Iseev Ruslan. "FORTEPIANO PANININ JAHAN MUZIKA OQIW PROCESINDEGI AHMIYETI HAM ORNI" MUZIKA HAM KORKEM ONER XABARSHISI (ilimiy-metodikaliq jurnal); 141-145, 2023, ISSN — 2181-4112.
9. Iseeva, A. "DUWTAR-ÓZBEK MILLIY SAZ ÁSBABÍ" B ACADEMIC RESEARCH IN MODERN SCIENCE (T. 3, Выпуск 11, сс. 22–27). (2024).
10. Iseeva.A "QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK DUWTARÍ". Центральноазиатский журнал междисциплинарных исследований и исследований в области управления, 1(5), 35–39. (2024)